KOUMAN MOUTÉ TI KAY NOU YO PI SOLID



Sé CATHOLIC RELIEF SERVICE (Sékou Katolik), OXFAM ak

biro INTERTECT ki méte tèt yo ansanm pou fè liv sa-a

Les Ateliers Fardin
1980

REKONESANS

Nou gin gro rèkonèsans

pou INTERTECT ki té èkri ti liv sa-a nan lang pangnòl pou moun nan pèyi Dominikani, apré siklòn David té fi-n pasé-a,

pou CATHOLIC RELIEF SERVICE nan Pòtoprins ki mété liv la an kréyòl ayisyin,

pou CATHOLIC RELIEF SERVICE ak OXFAM ki té bay lasistans pou pinmèt nou gayé liv sa-a gratis nan pèyi Ayiti.

Ninpòt moun gin doua sèvi ak sa li jouinn nan liv sa-a pou mété nan lòt liv osinon sou jounal depi li di koté li pran-l ak ki moun ki té prémié fè liv sa-a.

Si you moun ta rinmin plis infòmasion sou sa, li mèt èkri:

CATHOLIC RELIEF SERVICE
Etage Building Chatelain
Boite Postale 947
Port-au-Prince, Haiti

POUKISA TI KAY NOU KONN BATI NAN PÉYI AYITI YO MANKÉ SOLID

Poukisa ti kay nou konn bati nan péyi Ayiti yo manké solid.

Anvan nou konmansé, nou pral gadé divès kalité ti kay nou jouinn pi fasil nan péyi isit, sa yo dépansé pou bati yo ak jan yo fèt. Nap konmansé ak kay ki pa kouté trò chè-a. Nap chita plis sou jan yo mouté chak ti kay. Konsa, na ouè ki jan yo ka kinbé anba gro van osinon siklòn kap souflè tanzantan sou péyi-a. An minm tan tou, na ouè ki chans yo gingnin pou yo reté kanpé sizok-tè-a ta tranblé.

I. Kay klisé



Chapant kay sa yo fèt ak poto boua. Nan mitan poto yo ki chouké nan tè, nou mété klisay. Nou bouziyé dé bò klisay yo ak mòtié labou. Pou fini, nou ka pasé you dènié kouch mòtié fin ak siman. Apré sa, nou ka blanchi panno yo ak dlo lacho.

Yo pi vit kouvri kay sa yo ak pay kann, pay vétivè, zèb ginin osinon tach palmis. Min, dépi you bon ti tan, nou ouè anpil moun kouvri kay klisé yo ak tòl.

Kay sa yo pa janm trò gro. Sè pa fasil pou jouinn youn ki dépasé kat (4) mèt pou lajè ak sink (5) mèt pou longè.

Kay klisé yo toujou sibi gro déga koté siklòn pasé. Anpil foua, lè var

an fi-n pasé, si nou jouinn youn osinon dé ki rété kanpé, sé tout. Lè sa-a, moun ki tap viv ladan yo blijé brid sou kou dégajé gèt yo pou rémouté you lòt byin vit.

Poukisa kay sa yo pa kinbé tròp anba van an? Ki koté ki fèb nan kay la? Nou pral séyé réponn kéksion sa yo youn apré lòt.

a. Pou konmansé, gin fòs van an. Lè van an vi-n fò anpil, li gonflé anba fétay kay la, osinon arébò lamié yo sou dèyò, li raché tout touati-a, osinon li pati ak you bò ladan-l.

b. Apré sa, gin poto kay la. Si poto kouin yo pa gin bon gèt pou ba yo pié, pou soutni yo, osinon si lòt poto yo konmansé pouri koté yo antré nan tè-a, panno yo ka vidé tonbé anba fòs van an.

c. Lèfini, kay konsa pa janm fi-n trò byin fèmin. Yo plin trou koté van an ka antré soti. Sé poutèt sa, lè van an fò anpil, gin chans pou kay la louvri.

Konsa, min pouin fèb nou ka jouinn nan kay klisé yo:(1) pié poto yo ka piké osinon ka pouri anba tè-a, (2) poto kouin yo ka manké ranfò, (3) tèt kay la ka pa byin maré ak rès kò kay la. Sé la chapant kay sa yo ka manké fòs pou kinbé anba van siklòn.

Pou chapant kay sa yo ta you jan pi solid , min sa nou ka fè:

A.- Pou konmansé, garanti tout poto ki pral anba tè pou bèt pa piké yo, pou dlo pa pouri yo. Godronnin yo, osinon badijonnin yo ak dlo pouazon.

B.- Antré tout poto yo fon anba tè, kit poto panno, kit poto kouin. Na fouyé trou ki gin karannsis (46) santimèt osinon dizouit (18) pous fondè pou pi piti pou métè poto yo. Aprè sa, koré yo byin koré ak ròch. Nou ka chouké pié poto yo ak bout planch klouré an koua, osinon ak gro klou ki pa fi-n antré nèt nan boua-a.

C.- Bay poto panno yo bon pié. Pou poto kouin yo minm, ou mèt ba yo dé pié ranfò.

D.- Maré tèt kay la byin maré sou travès yo. Maré boua yo ansanm ak poto yo ak bon filfè, osinon ak moso fè plat pou ba yo plis fòs.

Si nou souiv ti [illegible] ti kay klisé nou yo, yap pi solid, Sa pa vlé di nou mèt dòmi kè pòpòz [illegible] van. Min, na gin plis chans pasé anvan pou gro déga pa tèt nan kay la. Tansèlman, sé pou nou konnin kay sa yo pa janm ka fèmin nèt, yo pa janm solid asé pou kinbé anba gro gro van. Konsa, toujou gin chans pou van an fè déga. Min, si nou [illegible] bout ti konsèy yo ban noupi ro-a pou ranfòsé kay la, gin plis chans pou kay la rété doubout.

Lè gin tranblémanntè, pa gin tròp danjé pou ti kay klisé yo. [illegible]man, yo dérasinin fasil. Sé poutèt sa, sé pou poto yo fèt ak bon boua di, lèfini pou yo byin chouké nan tè-a. Si tranblémanntè-a fò anpil, poto yo ka kasé, osinon yo ka soti nan tè-a. Lè sa-a, panno yo panché, kay la ka krazé. Si nou souiv ti konsèy nou bay pi ro yo, gin anpil chans pou kay la rèté kanpé apré tè-a fi-n tranblé.

Fòk nou di tou, minm lè siklòn osinon tranblémanntè rivè fè déga nan kay la minm, gin anpil chans pou moun pa blésé grav. Chapant lan léjè, poto yo maré youn ak lòt. Konsa, nanpouin moso boua kap volé toupatou pou bay moun gro frakti.

II. <u>Kay tòl ak planch palmis</u>



Pa gin anpil kay ki bati ak planch palmis lakay nou ankò. Chapant kay sa yo fèt an boua. Sé sou poto boua sa yo nou klouré ti planch palmis yo pou tè panno yo. Pou bay panno yo plis fòs, yo klouré you lòt ti poto nan mitan planch palmis yo sou dèyò.

Touati-a fèt an do choual, ki vlé di ak dé pant. Li mouté sou you chapant

an boua, ak sabliyé, zégoui, manm ak chévron pou kinbé lat yo ak boua fétay la.

Koté ki gin anpil palmis toujou, tankou nan Plato Santral, kay sa yo pa kouté trò chè pou mouté. Min, yo pa kinbè tròp anba fòs gro van. Anpil ladan yo pèdi tout touati yo, osinon you bon bò ladan-l. Panno yo krazé paskè pié poto yo pouri anba tè. Kouin yo panchè, planch palmis yo détaché.

Konsa, nou ouè kay sa yo tou gin anpil pouin fèb: (1) Chapant touati-a pa byin maré ak rès kò kay la, (2) planch palmis yo minm pa bay tròp garanti, (3) lèfini, poto yo pouri nan tè.

You lòt bagay ankò nou jouinn nan kay sa yo sé linpòt (osinon linpòs)yo kité anro têt pòt ak têt finnèt yo pou kinbé kay la fré. Lè gro van an antré nan trou linpòt yo, l-al gonflé anndan kay la, lap fè fòs pou-l pousé panno yo sou dèyò, pou-l voyé touati-a anlè.

Pou kay palmis sa yo ta you jan pi solid, min sa nou ka fè:

A.- Mété you touati an koup (ki vlé di ak kat pant). Li pi bon pasé touati an do choual ki gin dé sèl pant.

B.- Sèvi ak bonkou klou lè nap kouvri kay la ak tôl.

C.- Pran bon filfè, osinon bon moso fè plat pou maré tout boua chapant touati-a youn ak lòt, épitou pou maré sabliyé yo sou travès yo.

D.- Mété you lamié ki pa dépasé dizouit (18) pous, osinon karannsis (46) sanmèt.

E.- Mété you ti plafon anba zèl lamié yo, pou van na pa jouinn koté pou li gonflé anba fèy tôl yo pou dékouvri kay la.

F.- Mété gèt pou poto panno yo ak pou poto kouin yo pou ba yo pié, pou yo gin fòs.

G.- Mété bonkou poto pou kinbé panno yo.

H.- Mété ti finnèt pou fèmin linpòt yo lè van an ap soutlé.

I.- Badijonnin pié poto ki pral nan tè yo ak godron osinon ak ninpòt lòt dlo pouazon pou li pa pouri fasil.

J.- Antrè poto yo fon nan tè. Chouké yo anba tè-a ak ti moso boua klouré an koua nan pié yo, osinon ak gro klou ou pa fi-n antré nèt nan boua-a.

Dépi nou souiv ti konsèy sa yo, gin plis chans pou kay la rété kanpé lè gro van ap souflé. Si nou bati kay ak planch palmis jan pou - u fè-l la, na gin mouis kè soté lè siklòn ap pasé.

Kay ak planch palmis kinbé pi byin toujou lè tranblémanntè. Si nou souiv konsèy nou bay pi ro yo, yap kinbe pi byin toujou. Déga ki ka rivé fasil nan kay sa yo, sé poto yo ki ka déchouké nan tè-a, osinon ki kasé paské yo té pouri anba tè-a. Avèk gèt nap mété nan pié poto yo ansanm ak godron osinon lòt pouazon nou pasé pou badijonnin poto ki pral anba tè yo, kay sa yo ap kinbé byin lè tranblémanntè.

III <u>Kay tòl ak panno béton</u>

Nou pa fasil jouinn kay ak panno béton nan péyi Ayiti. Pou di vré, nou pa kouè yo ko konn bati kay konsa lakay nou. Tout jan, nap fè you ti kozé sou yo.



Minm jan ak modèl kay nou sot ouè yo, chapant kay sa yo fèt ak poto boua. Fòk gin you mèt édmi (1 mèt 1/2) nan mitan poto yo. Sé pou tout poto yo minm grosè, minm rotè, karé karé. Sèvi ak bon poto kat pa kat. Lé nou fi-n mouté poto yo byin solid nan tè, nou klouré planch sou poto yo dé pa dé, dépi anba rivé anro , pou sèvi kofraj pou béton an. Nou koulé béton an nan kofraj la. Lè béton an konmansé pran, nou ouété planch yo dépi anro rivé anba, pou béton an ka chéché. Nou fè konsa jouk nou fi-n fè tout panno yo.

Anpil moun rinmin ranfòsé béton an ak filfé yo konn sèvi pou fè lantiraj. Filfè-a sèvi tankou you amati pou béton an, an minm tan li maré béton an ak poto yo. Konsa, panno yo vi-n gin plis fòs.

Koté yo bati kay konsa yo pa janm fè yo trò gro. Kay yo ka gin toua (3) osinon kat (4) mèt konsa lajè sou sink (5) osinon sis (6) mèt longè. Yo kouvri yo ak fèy tòl an do choual. Gin moun ki konn kouvri yo ak pay kann osinon lòt kalité pay. Min, pa gin anpil konsa ankò.

Koté yo bati kay konsa, siklòn pa manké fè déga tou. Li ka dékouvri kay la, pati ak you moso nan touati-a, jété panno yo atè. Van an ka rachè panno béton yo soti nan mitan poto yo. Lè van an souflè fò, minm lè yo méte amati filfè-a nan béton an, li ka dékolé panno yo soti nan poto yo. Nan chachè konnin poukisa sa rivé, nou ouè sé paské gin tròp van ki vi-n gonflé anndan kay la, ap fè fòs sou panno yo pou pousé dèyò.

Modèl kay panno béton yo toujou gin you séri linpòt anro tèt pòt yo ak tèt finnèt yo. Nan finnèt yo minm, moun yo rinmin méte pèsièn. Lè van an ap souflé fò, li jouinn jouin pou li antré gonflé anndan kay la, li pousé panno yo jété sou dèyò.

Min you lòt pouin fèb kay sa yo rinmin gingnin ankò: Chévron yo ak sabliyé yo konn pa byin maré ak travès ki pasé sou tèt panno béton yo. Osinon, panno yo pa byin maré ak poto boua-yo.

Nou pral bay koulyé-a dé toua ti konsèy ki ka édé nou bay modèl kay sa yo plis fòs pou yo kinbé anba gro van tanpèt.

A.- Méte touati an koup sou kay la (touati ki gin kat pant).

B.- Sèvi ak minm sistèm chapant nou jouinn nan kay pay yo, avèk lat, chévron, sabliyé mouté sou travès.

C.- Pa fè ékonomi klou lè nap klouré fèy tòl yo.

D.- Maré sabliyé touati yo byin maré sou travès ki pasé sou tèt panno yo.

ak moso fè plat. Pa bliyé maré poto kouin yo pi solid.

E.- Mété you ti plafon anba lamié-a pou van an pa jouinn koté pou-l gonflé anba fèy tôl yo.

F.- Lè nap pasé filfè-a nan mitan poto yo, toujou kouazé filfè-a pou bay amati béton panno yo plis fòs. Si nou pa jouinn filfè lantèraj, nou ka sèvi ak "toual métalik" yo konn sèvi pou fè kalòj poul, pou nou klouré nan mitan dé poto yo.

G.- Mété ti finnèt pou bouché linpòt yo ak pèsièn yo lè gro van an souflé.

H.- Garanti poto yo anvan nou mété yo nan tè. Badijonnin yo ak godron osinon ak lòt dlo pouazon pou yo pa pouri fasil.

I.- Chouké tout poto yo byin chouké anba tè. Fòk yo antre pou pi piti dizouit (18) pous osinon karannsis (46) santimèt nan tè. Klouré ti bout boua an koua nan pié yo, osinon gro klou long pou kinbé poto yo anba tè.

Si nou souiv tout ti konsèy sa yo, kay ak panno béton sa yo ka kinbé pi byin anba rafal gro van tanpèt. Na gin plis kè pozé pasé anvan.

Modèl kay sa yo kinbé byin tou lè tranblèmanntè. Min, lè nap bati kay sa yo, sé pou poto yo byin maré youn ak lòt. Lèfini, sé pou béton an byin koulé, san trou ladan-l.

IV. <u>Kay an planch.</u>



Nou fasil jouinn modèl kay an planch sa yo nan tout ti bouk péyi Ayiti. Sè kay pou moun ki gin you ti mouayin an plis. Li kouté pi chè pasé modèl nou ouè déja yo. Avantaj yo gingnin, nou ka lonjé yo fasil, nou ka kolé lòt piès ak sa ki la déja yo. Lètini, yo bon pou péyi koté ki fè cho, paské yo

kinbé frè. Si nou pasé min ladan yo tansantan, yo ka sèvi nou lontan lonta

Gin anpil modèl pou kay an planch yo. Min, nou pi fasil jouinn modèl nou ouè nan pòtré-a. Sé yo minm pifò moun ki pa gin trò gro mouayin bati. You ti kay konsa ka méziré toua (3) mèt sou sink (5) mèt. You gro kay an planch ka rivé méziré sink (5) mèt sou kinz (15) mèt. Fasad ki bay sou lari toujou pi long nan lòt péyi yo. Sé sou dèyè yo rinmin mété lòt piès lè yap agrandi yo. Lè sa-a, yo blijé chanjé touati-a nèt. Pifò kay konsa kouvri an do choual. Lakay nou, sé ti fasad la ki bay sou lari, ak you ti galéri dévan-l.

Lontan, kay an planch pat kouté trò chè. Min, dépi kèk tan sé pa minm bagay la.Planch vann trò chè. Konsa, pito nou bati you kay an blòk pasé you kay an planch. Tou dé ap kouté minm pri.

Lè siklòn frapé kay planch yo, sé toujou minm kalité déga ki rivé: touati kay la raché, osinon panno planch yo panché paské yo manké bon gèt pou ran fòsé yo. Si té gin pèsièn nan kay la, osinon trou linpòt sou tèt pòt yo ak tèt finnèt yo, van an antré gonflé anndan kay la, li fè fòs sou panno yo, li pousé yo sou dèyò. Atè anndan kay sa yo konn glasiyé ak siman, min sé poto kouin yo asé ki kinbé kay la kanpé. Lè van an ap souflé, glasi atè-a pa itil angnin. Anpil kay an planch ki gin touati yo byin maré ak rès kò kay la, ki gin panno yo byin ranfòsé ak gèt, rivé raché soti nan tè-a, al krazé.

Féblès kay an planch yo soti nan jan nou klouré fèy tòl yo sou chapant touati-a, nan jan sabliyé ak travès touati-a maré ak rès kò kay la, ak nan kalité fondasion yo bay kay la.

Min dé toua ti konsèy ki ka édé nou bay modèl kay sa yo plis fòs pou yo kinbé anba rafal gro van tanpèt:

A.- Mété you touati an koup sou kay la.

B.- Sèvi ak anpil klou pou klouré fèy tòl yo, pou klouré lat yo ak chévron yo.

C.- Lè nou fi-n klouré sabliyé touati yo sou travès kay la, maré yo ak bon moso fè plat.

D.- Pa kité zèl lamié yo dépasé dizouit(18) pous osinon karannsis (46) santimèt.

E.- Mété you ti plafon anba lamié yo. Konsa, van an pap jouin jouin pou li vi-n gonflé anba fèy tòl yo pou lévé yo.

F.- Mété ti finnèt déyè linpot yo ak pèsièn yo pou ou ka bouché yo lè van an ap souflé.

G.- Mété bon gèt nan poto kouin yo pou ba yo pié.

H.- Chouké kay la byin chouké anba tè. Mété moso boua kouazé nan pié poto yo, osinon gro klou toua/kat pous anvan ou mété yo nan tè.

Si nou souiv ti konsèy sa yo, kay an planch nou yo va gin plis chans pou yo kinbé anba gro van siklòn.

Lè tè-a ap tranblé, kay sa yo kinbé fèm. Si nou souiv ti konsèy nou sot bay pi ro yo, nap gin plis kè pozé. Sèl déga ki konn rivé nan kay planch lè tranblémanntè, sé poto yo ki déchouké, èpi kay la tonbé, li krazé. Lè konsa, ou mèt sètin sé poto yo ki pouri anba glasi-a. Si nou sèvi ak gèt pou ranfòsé poto panno yo, si nou garanti poto ki pral anba tè yo ansamm ak travès ki pral kouché atè pou fè solay, nap gin plis chans pou kay la kinbé.

V. <u>Kay an blòk ak touati tòl</u>

A.



B.



C.



Dépi kèk tan nou ouè kay an blòk ap bati toupatou nan péyi-a. Sa soti nan siman ak sab ki pi fasil pou jouinn pasé planch yo ki koutè chè tou. Gin divès modèl kay an blòk. Min, tout kay blòk sé kay blòk. Yo tout bay minm kalité poblèm ak minm kalité garanti. Annou ouè kat (4) modèl kay blòk sa yo. Sé yo nou pi fasil jouinn. Nou pral ouè ki jan kay sa yo kinbè anba van tanpèt ak tranblémanntè. Apré sa, na égzaminin ki kalité poblèm chak modèl sa yo bay.

Pou tout moun, blòk siman sé materio ki pi konsékan pou kinbé anba siklòn ak tranblémanntè. Sètin. Si kay la byin maré, li tou paré pou ninpòt kou osinon sakad. Pou maré blòk yo, yo sèvi ak poto an béton ak fè nan mitan yo. Poto yo byin makònin nan you fondasion ki fèt ak ròch ak bon mòtié siman, osinon ak gro blòk. Yo maré solay kay la ak you bon sinti béton. Sé sou solay sa-a yo mouté panno blòk yo. Pou you kay an blòk kinbé, sé pou nou maré li ak bon poto ak sinti béton nan kouin yo ak nan tout kò kay la. Lèfini, sé pou blòk yo byin pozé ak nivo pou panno yo ka kanpé douat.

Anpil nan kay sa yo kouvri ak fèy tòl. Tòl yo klouré sou you chapant ki fèt ak lat, travès, chévron,zégoui ak sabliyé ki byin klouré sou tèt panno yo. Travès yo minm byin maré ak bout fè ki soti nan poto yo osinon nan sinti anro-a. Pifò kay sa yo kouvri an do choual.

Pi gro déga van siklòn pi vit ka fè nan you kay an blòk, sé raché touati-a pati avè-l, paské chapant touati-a pa byin maré ak rès kò kay la. Panno yo ka tonbé tou anba fòs van an. Sa ka rivé lè blòk yo pa byin maré ak

sinti-a épi ak poto béton yo. Konsa tou, lè yo méte pèsièn ak klostra nan kay sa yo, osinon linpòt sou tèt pòt yo, van an antré gonflé anndan kay la, lap fè fòs ni anba fétay la, ni sou panno yo pou pousé yo dèyò.

Anpil kay an blòk sa yo konn gin bèl fasad dévanti ak galéri. Sa fè kay la parèt bèl, épitou li bay you ti koté moun yo ka pran van. Min, lè van tanpèt ap souflé osinon lè tè-a pran tranblé, sé koté ki gin pi gro danjé nan kay blòk yo.

Annou pran modèl ki nan pòtré "A" ak nan pòtré "B". Lè siklòn ap pasé, van an vi-n gonflé anba touati galéri-a, li raché-l. Li ka raché you pati nan touati kay la tou. Nan modèl kay ki nan pòtré "C" ak nan pòtré "D", gro van an ka krazé ti miray yo bati sou tèt galéri-a. Lè miray la ap tonbé, li ka pati ak you bon moso nan dévanti kay la. Ata panno yo ka krazé tou. Si van an fò anpil, épi si pa gin bon poto ak sinti béton pou maré blòk yo, tout kay la la ka tonbé.

Pou kay blòk yo ka gin plis fòs pou kinbé anba gro van siklòn, min dé toua ti konsèy pou nou souiv lè nap bati:

A.- Kouvri kay la an koup.

B.- Kalkilé rotè zégoui fétay yo byin pou touati-a pa ni trò plat, ni trò ro.

C.- Klouré fèy tòl yo byin klouré sou lat yo.

D.- Mété you ti plafon anba lamié yo. Pa kité lamié yo dépasé dizouit (18) pous osinon karannsis (46) santimèt.

E.- Maré travès yo ak sabliyé yo byin sou sinti béton an ak tèt poto yo. Maré poto sabliyé yo ak travès yo youn ak lòt ak moso fè plat lè ou fi-n klouré yo.

F.- Mété you sinti béton nan mitan panno yo.

G.- Pou kò kay la, mété you poto béton apré chak dé mèt édmi (2 mèt 1/2).

H.- Meté ti finnet dèyè pèsièn yo pou ou ka femin yo lè ou bézouin.

I.- Si nap bati kay dapré modèl "A" osinon modèl "B", fòk touati galéri-a pa maré ak touati kay la. Konsa, si van an raché touati galéri-a, li pap

fè touati kay la angnin.

J.- Si nou vlé bati ti fasad dévanti tankou nan modèl "C" ak modèl "D", sé sèlman lé nap kouvri kay la ak dal béton pou nou fè-l.

Dépi nou souiv ti konséy sa yo lè nap bati kay an bkòk, na ba yo anpil fòs pou yo kinbé fèm lè siklòn ap pasé. Si gin déga, sé pap gro déga.

Kay an blòk nou bati konsa yo ap kinbé byin tou lè tranblémanntè, dépi nou mété bon béton ak bon fè nan poto yo ak nan sinti yo. Min fasad nou ouè nan modèl "C" ak nan modèl "D", si nou té ka évité yo, paské yo gin gro danjé lè tranblémanntè.

Dènié kozé

Nou sot ouè divès modèl kay ak poblèm yo kapab bay lè van siklòn ap souflé. Nou ban nou tou anpil konsèy pou bay kay yo plis fòs, pou yo kinbé anba rafal gro van. Nou konnin sa mandé you diplis nan dépans nap fè pou mouté you kay. Min, évité miyò pasé mandé padon.

Toujou chonjé, lè nou vlé bati you kay ki pou kinbé anba gro van, sé pou nou konn ki fòm nou vlé bay kay la, ki pant nap bay touati-a, ki fòm nap bay touati-a. Pran tout kalitè prékosion pou touati-a byin maré ak rès kò kay la, pou panno yo gin gèt pou ba yo pié, pou poto yo byin chouké nan tè. Pa bliyé, tout ti détay-sa yo pi konsékan pasé matério nap sèvi pou bati kay la. Sa ki pi inpòtan nan mouté kay, sé pa plis kalité matério nou sèvi pou bati kay la, tankou jan nap sèvi ak yo nan kay la.

KI JAN POU NOU BATI KAY
KI KA KINBÉ PI BYIN
ANBA GRO VAN

Anvan nou antré nan kozé-a

Nan zòn koté gro van tanpèt rinmin pasé, moun toujou ap mandé ki jan pou kay yo konn bati yo ka rivé pi solid pou kinbé pi byin anba rafal gro van, anba van siklòn. Min répons nou ka ba yo: Moun ka rivé bati ninpòt ki kay ak ninpòt ki matério you jan ki pinmèt kay yo kinbé anba rafal gro van depi yo konnin ki fòm pou yo bay kay yo, dépi yo souiv kèk prinsip konsékan lè yap bati kay yo.

I.- Ki jan gro van tanpèt ka rivé fè déga nan you kay

Pou nou ka konprann pi byin ki jan pou nou bati kay ki ka kinbè anba gro rafal van, fòk nou konprann kisa ki fè van an rivé, fè déga nan you kay.

A.- Déga van ka fè sou you kay

Lè gro van ap souflè, gin dé kalité déga ki ka rivé nan you kay: van an ka dékouvri kay la, osinon li ka jété panno yo, krazé miray yo.

1. Annou ouè ki jan van an ka rivé dékouvri kay yo. Déga van pi fasil fè nan you kay sé raché touati-a soti sou do kay la, pati avè-l. Lè konsa, si touati kay la pa mare trò solid ak kò kay la, gin anpil chans pou pa gin okinn lòt déga ki rivé rès kò kay la. Min, si chapant touati-a té you ti jan maré pi solid ak kò kay la, lè touati-a ap dékolé, gin lòt kalité déga ki ka rivé rès kò kay la.

Gin toua rézon ki fè fòs van an ka raché tèt kay la:

a. Pou konmansé, gin fòs van an fé sou touati kay la minm. Gadé pòtrè niméro youn lan (1). Lè van an ap pasé rapid sou tèt kay la, li gin tandans ralé touati-a moutè. Poukisa? Paské, lè van an frapé sou panno ki anfas li-a, li séparé fè pliziè branch. You branch kouri pasé anro tèt kay la, you lòt pasé sou bò douat, you lòt sou bò gòch pou rivé lòt bò day la. Lè sa-a, pòsion van kap kouri pasé anro tèt kay la souflé pi vit pasé van kap kouri pasé sou dé bò kay la. Kap kouri po

li ka rivé lòt bò kay la, sou panno ki anba van an an minm tan ak rès van an.





Plis kouran van kap pasé anro tèt kay la souflé pi vit, sé plis fòs lap fè pou pézé sou tèt kay la bésé. Lékontrè, li vi-n gin tandans ralé tèt kay la mouté anlè. Pandan sa ap fèt sou dèyò, gin lòt travay kap fèt sou anndan kay la. Si kay la rété byin fèmin , san pa okinn kourandè kap antré ladan-l, fòs lè ki té déja anndan kay la toujou rété tinnfas. Lè sa-a, vi-n gin dé fòs kap travay sou touati-a. Gin youn anndan kay la kap pousé-l dèyò, ak you lòt sou dèyò kap ralé-l moutè dèyò. Gadé pòtrè niméro dé-a (2). Si touati kay la pa byin maré ak rès kò kay la, sé kont pou raché-l.



b. <u>Dèzièm rézon ki fè van an ka raché touati-a. sé lè van an v. n gonflé anba lamié touati-a</u>. Min ki jan sa fèt: Lè van an kontré ak panno ki anfas li-a. you pòsion nan van an viré mouté pou-l pasé anlè. Min, si

lamié-a trò long, si li soti tròp, osinon si li gin you fòm ki fè li kinbé van an, van an pral fè fòs pa anba sou lamié-a. Sé fòs sa-a ki ka raché touati-a nèt osinon you pati ladan-l.



c. Touazièm rézon ki fè van an ka raché touati-a . sé lè van an antré anndan kay la, épi lap pousé tèt kay la mouté. Min ki jan sa rivé fèt: Si pòt yo, finnèt yo ak lòt trou yo fè pou bay lè nan kay la pa byin fèmin, rafal van an ka antré gonflé anndan kay la, épi lap fè fòs anba touati-a. Lè sa-a, gin kat fòs kap travay ansanm pou raché touati-a: (1) fòs lè ki té déja ap travay anndan kay la, (2) fòs van an ap fè anba lamié-a, (3) fòs van kap kouri pasé anro tèt kay la, (4) fòs van ki antré vi-n gonflé anndan kay la. Sé kont pou tèt kay la dékolé ak rès kò kay la, pou-l raché l-alé.



2. Annou ouè koulyé-a fòs van an ap fè sou panno kay la. Lè fòs van an frapé sou panno yo, li ka fè divès kalité déga nan kay la. Gin toua jan sa ka rivé.

a. Fòs van an ka fè panno yo tonbé sou dèyò. Jan nou té éspliké sa an-van an, rafal kap souflé pasé fè ronn kay la dévlopé you fòs kap ralé panno sou dèyò. An minm tan, fòs lè ki té déja anndan kay la ap pousé panno yo sou dèyò tou. Plis kouran van kap pasé fè ronn kay la souflé pi vit, sé plis lap fè fòs ralé panno yo sou dèyò. Rivé you lè, si panno yo pa byin solid, si yo pat gin bon ranfò, si yo pat byin maré youn ak lòt, fòs la ap vi-n tròp pou yo, yap krazé tonbé sou dèyò.



b. Fòs van an ka fè kay la panché you bò jouk li tonbé. Min ki jan sa rivé. Lè van an frapé sou panno ki anfas li-a, li fè fòs sou panno sa-a, li pousé-l dévan. An minm tan, lè van kap fè ronn kay la ap dépasé kay la, li gin tandans ralé kay la dèyè-l, tankou lè you machi-n ap pasé ak gro vitès. Sa lakòz kay la kouché you bò. Si koté touati-a maré ak kò kay la gin kèk pouin fèb, si poto panno yo pa gin bon pié ranfò, fòs van an ap fè kay la panché nèt jan nou ouè-l nan pòtré niméro nèf la (9).



Déga konsa rivé pi fasil nan kay an planch Min sa ka rivé nan lòt kay yo tou.

c. Panno ki anfas van an ka krazé tonbé.

Si panno kay la pat gin bon ranfò, si van an vi-n ak anpil fòs, rafal van ka jété-l atè. Sa rivé pi fasil nan kay blòk ak nan kay ròch ki pa té byin maré ak bon poto ak sinti béton.



B.- Kisa nan kay la minm ki bay van an jouin pou-l fè déga

Pou ou konnin si you kay ka kinbé osinon si li pa ka kinbé anba gro rafal van siklòn, sé pa pou gadé sèlman sou matério ki sèvi pou bati kay la. Fòm kay la konsékan anpil tou. Pifò moun mété nan tèt yo kay blòk pi solid pasé lòt kay yo. Sé konsa yo kouè dépi yo sèvi ak blòk, kay la va pi solid pasé si li té bati ak lòt matério. Sètin. You kay ki bati ak blòk épitou ki gin fòm pou li gingnin an bay plis garanti pasé tout kay ki bati ak lòt matério. Tansèlman, nou ka bati kay solid tou ak planch, ak klisay osinon ak lòt matério. Gin anpil koté sou Grantè Lazi nou jouinn yo bati kay ak banbou, épi ki kouvri ak fèy palmis, kay yo konn rété pliziè santèn lanné. Gro van tifon pasé sou pasé, déga yo pa janm trò gro.

Annou ouè kisa nan kay la minm ki ban nou garanti kay la solid.

1. Fòm touati-a, pou konmansé. Dapré kalkil ak éspérians ki fèt sou divès kalité fòm yo ka bay you tèt kay, sa moutré touati ankoup, ki vlé di touati kay ki désann kat bò, toujou pi kinbé pasé lòt yo. Sa ki fè sa? Paské sé pa fasil pou rafal van an déplòtonnin you minm fòs sou

tout do kay la an minm tan pou ralé-l mouté. Annou pran kat (4) modèl tèt kay sa yo:

Niméro youn(1): Touati an koup, li désann kat (4) bò.

Niméro dé (2): Touati an do choual, li désann dé bò ak you bon pant nòmal.

Niméro toua (3): Touati-a plat nèt, san okinn pant.

Niméro kat (4): Touati-a an do choual, min li manké pant.



Touati an koup



Touati an do choual



Touati plat



Touati an do choual plat

Touati an koup la bay plis garanti pasé touati an do choual ak bon pant lan. Touati an do choual ak bon pant lan bay plis garanti pasé touati plat la. Touati plat la bò pa-l bay plis garanti pasé touati an do choual ki manké pant lan.

2. <u>Pant touati kay la, osinon rotè zégoui fétay la</u>. Touati ki bay plis garanti sé touati ki gin pon pant nòmal, ki vlé di ki gin zégoui fétay la bon rotè. Pou longè you fèy tòl, zégoui-a pa fèt pou pi piti pasé trant (30)pous, ni pi ro pasé karannkat (44) pous. Pou longè dé fèy tòl, fòk li pa pi kout pasé sinkannsink (55) pous, ni pi ro pasé katrèvinsink (85) pous. Si zégoui fétay la trò kout, kouran van kap souflé pasé anro

kay la ka rivé sou lamié panno ki anba van an an minm tan avèk kouran van kap souflé pasé sou dé bò kay la. Konsa, li pi fasil pou van an raché touati-a.





Nan you kay ki gin zégoui fétay li rotè nou bay la, van kap souflé pasé anro fétay la pap ka rivé sou lamié panno ki anba van an an minm tan ak van kap kouri fè ronn bò kay la.

Lè kouran van kap souflé anlè tèt kay la fi-n dépasé fétay la, li gin tandans viré sou anba. Lè sa-a, li kontré ak van kap soti sou anba dé bò kay la, li fé you ti toubouyon anro fasad touati ki anba van an. Konsa, li krazé fòs van an ta ka fè pou ralé tèt kay la anlè. Lè nou sèvi ak you zégoui ki gin bon rotè, gin mouin chans pou van an raché touati-a.



Min, atansion. Lè zégoui kay la trò ro, osinon dépasé rotè nou bay pi ro-a, tout fòs van an tonbé sou fasad touati ki anfas li-a. Lè konsa, pou touati-a ka kinbé, sé pou li gin bon manm anba chévron yo pou ran-

fòsé yo. Lèfini, sé pou yo sèvi ak boua ki kouté chè pou fè chapant touati-a.



3.Plan kay la. Dapré kalkil ak éspérians ki fèt, plan ak fòm kay la konsékan anpil si ou vlé mouté you kay kap kinbé anba grò van. Sé kay ki gin fòm karé karé, ak kat fasad li yo minm longè ki pi bon. Apré li, sé kay ki gin fòm réktanng, sa vlé di you kay ki gin dé fasad sou koté-l yo you ti jan pi long pasé fasad dévan ak fasad dèyè-a. Arpé li, sé kay ki gin fòm réktanng long lan. Kay ki gin fòm "L" la, sé li minm ki bay mouins garanti.



karé karé



réktanng kout



réktanng long



an fòm "L"

Pifò kay yo bati gin fòm réktanng lan. Nou fèt pou nou konnin longè you kay konsa pa fèt pou li dépasé toua foua mèzi lajè-a. Si li pi piti, li pi bon toujou. Sa vlé di, nan zòn koté siklòn rinmin pasé, li pi bon pou nou pa bati kay ki gin longè yo dépasé toua foua mèzi lajé yo. Si lajè kay la sé dé (2) mèt, longè-a pa fèt pou dépasé toua foua dé mèt ki ba ou sis (6) mèt.

Kay ki gin fòm "L" yo gin you problèm apa. Kay konsa frajil anpil lè gro van ap souflé, paské fòm kay la minm pinmèt li kannalé van an al gonflé nan kouin sou dèyò koté dé zèl kay la kontré. Sa fè kay la krazé pi fasil nan kouin sa-a.



An minm tan tou, kouran van kap souflé fè ronn kay la ka rivé fè fòs sou tout kò kay la pou plòtonnin-l. Lè sa-a, kay la ka tonbé sou anndan.



Sé poutèt sa, fòk nou fè atansion pou nou pa bati kay ki gin fòm "L" la. Si nou vlé fè-l, mandé you bon injéniè konsèy. Lèfini, paré

pou nou dépansé you bèl ti lajan!

4. Pozision kay la. Anplasman kay la, fòm térin an, pozision kay la pa rapò ak lòt kay ki bò koté-l yo, tou sa konsékaan anpil nan bay kay la fòs pou li kinbé anba gro van. Kay ki bati sou poto piloti nan flan mòn bò lanmè, kay sa yo gin anpil chans pou van an dérasinin yo. Sé minm bagay la tou pou kay ki bati nan you fon ki long min ki kouinsé nan mitan dé mòn, lèfini ki parèt sou lanmè. Lè kouran van an soti nan lanmè-a, li piké mouté nan fon an nan mitan mòn yo, li ka krazé kay yo pi fasil, paské sé tankou you gro kourandè kap souflé nan you koridò.

Konsa tou, kay ki bati youn dèyè lòt, sou lign douat, toupré youn ak lòt (jan yo rinmin fè sa nan sité yo), gin anpil chans pou mínm déga-a rivé yo lè gro van tanpèt ap souflé Lè konsa, li pi bon pou mouté kay yo you jan antré soti. Profité avantaj zòn lan bay, tankou piéboua, dodann, ti fon, ak lòt kay ki bati déja, pou nou krazé fòs van an, osinon pou nou fè-l chanjé diréksion.

C.- Pati nan you kay ki mandé ranfò.

Lè you kay tonbé anba rafal van, sa toujou soti nan féblès ki gingnin nan you pati nan kay la minm. Nou pas, anpil tan ap égzaminin kay van krazé ak kay van pa krazé apré siklòn fi-n pasé. Sé you jan pou nou té ka rivé jouinn ki jan you kay ka kinbé tinnfas anba rafal van. Dapré sa nou ouè, min kèk ti konsèy ki ka édé moun fè kay yo pi solid.

1. Planté kay la byin planté nan tè-a. Pou kay an-planch yo osinon pou kay yo bati ak poto, sé pa sè-man foulé pou nou foulé poto yo byin fon nan tè. Fòk nou jouinn you jan pou nou chouké yo anba tè-a ak kròk boua osinon ak gro klou. Si nou gin mouayin, mété you ti mòtié siman nan pié poto yo. Si nap sèvi ak boua ki léjè, fòk nou paré yo anvan. Badijon-

nin yo ak godron osinon ak pouazon pou bèt pa piké yo, pou yo pa pouri fasil anba tè-a.



Si sé kay an blòk nap bati, sé pou nou koulé hon sinmèl béton anba poto yo. Lèfini, sé pou ba fè ki nan poto béton yo byin maré nan fè sinmèl yo ak nan fè sinti béton ki sou tèt solay la.

2. Ranfòsé panno kay la. Pou panno kay yo ka kinbé pi plis anba fòs van, lèfini pou bay kouin kay yo plis fòs, fòk nou bay poto yo pié ak bon gèt. Lap pi bon toujou si nou kouazé gèt yo , jan nou ouè-l nan pòtré-a.



Sa ap bay panno yo plis fòs pou yo kinbé anba ratal van an, èpitou sa ap anpéché ni van ki gonflé anndan an ni van kap souflé dèyò-a krazé panno yo fasil. Lè nou kouazé gèt yo pou bay poto yo pié, sa bay kay la dé (2) avantaj. Pou youn, yo ranfòsé poto kouin yo. Pou dé, yo bay panno nan mitan poto yo plis fòs.

3. Kouin yo. Nou té ouè ki jan rafal van kap kouri pasé bò kay la ap fè fòs pou-l ralé panno yo sou dèyò, an minm tan lè ki anndan kay la ap pousé panno yo sou dèyò tou. Rivé you lè, panno yo pa ka kinbé ankò, yo tonbé krazé sou dèyò. Sé poutèt sa, sé pou nou maré panno kouin yo byin maré youn ak lòt, sitou si kay la sé you kay planch. Lè konsa, nou ranfòsé kouin yo, nou maré dé panno ki fè kouin yo sou anro ak you manm nou mété an travè kouin an, kouché sou dé bò panno yo. Konsa, lè nou maré pa panno kouin yo pa anro ak manm sa yo, (yo rélé yo gèt tou!), nou bay kay la plis fòs pou li kinbé ak van an kap chaché plòtonnin-l.

4. Trou linpòt anro tèt pòt ak finnèt yo. Nan péyi cho, li toujou bon pou kité you trou sou tèt pòt ak finnèt yo pou lè ka antré anndan kay la, pou kinbé-l fré, lè yo fi-n fèmin pòt ak finnèt yo. Min, lè gin siklòn, trou sa yo kité you kouran van antré vi-n gonflé anndan kay la. Sa fè minm kalité déga tankou si sé té finnèt yo minm ou té kité louvri. Sé poutèt sa, lè ou mété linpòt anro pòt ak finnèt yo, toujou bouché yo byin bouché anvan siklòn lan rivé sou nou.

5. Finnèt ak pòt yo. Youn nan pi gro problèm lè gin siklòn sé lè pòt yo ak finnèt yo rété konsa épi yo louvri you sèl kou. Lè sa-a, rafal van an antré gonflé anndan kay la, épi li konmansé ap fè fòs sou panno yo ak sou touati-a pou pousé yo dèyò, san konté bagay lap gayé anndan kay la. Finnèt pèsièn yo frajil anpil. Finnèt vitré yo minm kapab krazé si yo pa doublé ak lòt finnèt an boua pou protéjé yo anba fòs van an, osinon anba danjé ki gingnin pou bagay van an ap broté vi-n frapé sou yo. Konsa, sé pou tout finnèt yo ak tout pòt yo rété byin fèmin. Mété you ba dèyè yo pou bloké yo anvan siklòn lan rivé.

6. Maré panno yo byin maré youn ak lòt. Pou panno yo kinbé anba fòs van an, sé pou yo byin maré youn ak lòt. Lèfini, sé pou yo gin bon gèt pou ranfòsé yo. Si sé panno an planch, fòk poto yo klouré nan travès cha-

pant lan, ëpi sé pou yo mètè anpil poto pou kinbé panno yo. Si sé you miray blòk , fòk li gingnin bon poto béton ak bon sinti pou maré blòk yo. Sèvi ak bon mòtié pou pozé blòk yo. Atansion, sé pou blòk yo nivo.

7. Touati kay la fèt pou li byin maré ak kò kay la. Koté touati kay la maré ak rès kò kay la sé youn nan koté ki pi konsékan nan you kay. Si tèt kay la pa rivé raché, si panno yo asé solid pou kinbé anba rafal - van an, gin anpil chans pou kay la pa krazé. Minm si déga ta rivé fèt, li pap trò grav. Sé poutèt sa, li inpòtan anpil pou nou pran tout kalité prékosion pou tèt kay la byin maré ak travès ki sou tèt poto yo.

8. Zèl lamié yo. Sé bagay tout moun fèt pou konnin: you ti lamié ki pa dépasé karannsis (46) santimèt osinon dizouit (18) pous pa bay van an chans pou li vi-n chita fè fòs anba li. Konsa, van an pa jouinn priz pou li fè bòs lévé touati kay la, ni bout fèy tòl yo.



9. Klouré tòl yo byin klouré sou chapant fétay kay la. Si sé kay pay, maré lat yo byin maré, doublé yo anba pay la. Anpil foua nou ouè touati-a pati, li raché soti sou chapant fétay la. Sé paské li pat maré solid avè-l. Lè kay la kouvri ak tòl minm, sé pi mal. Lè konsa, dapré éspérians bòs yo, si nou sèvi ak plis klou pou klouré fèy tòl yo sou lat yo, épi si lat yo byin klouré sou chévron yo, gin mouins chans pou touati-a raché lè van an ap souflé.

II.- Kouman pou nou bati you kay ki pi solid.

Gin nèf (9) prinsip pou nou pa janm bliyé si nou vlé bati you kay ki solid. Min yo:

1. Bati you bon fondasion byin solid. Mété bon sinmèl anba poto yo pou chouké kay la byin chouké nan tè.
2. Protéjé travès ki kouché ate yo ansanm ak poto boua ki plante nan tè. Badijonnin yo ak godron, osinon ak lòt pouazon pou yo pa piké fasil, ni pou yo pa pouri fasil.
3. Ranfòsé panno yo ak bon sinti pou byin maré yo. Si sé you kay an planch, mété bon gèt pou kinbé poto yo, pou ba yo pié.
4. Mouté kay la dapré fòm ou chouazi pou ba li-a. Mètè-l nan you pozision pou van an gin mouins priz sou li.
5. Maré tèt kay la byin solid ak rès kò kay la. Ranfòsé tout koté lat yo klouré sou chévron yo, tout koté chévron yo maré sou travès yo, ak tout koté travès yo maré sou sabliyé yo. Maré yo ak filfè, osinon ranfòsé yo ak moso fè plat.
6. Fè touati-a an koup, ki vlé di ak kat pant. Bay touati-a bon pant pou li pa ni trò plat, ni trò ro. Kalkilé rotè zègoui fétay la byin
7. Piga zèl lamié yo dépasé karannsis (46) santimèt osinon dizouit (18) pous. Lèfini, li ta bon pou nou mété you ti plafon anba lamié kay l la, rivé jouk nan pouint chévron yo, anba fèy tòl yo.
8. Mété ti finnèt an boua dèyè tout pèsièn ak tout linpòt pou ou ka fèmin yo l è gro van.
9. Nan térin plat, toujou planté piéboua, gro kou piti, pou èdé krazé fòs van an, épitou pou protéjé kay la. Min, atansion ak boua sèk ki ka tonbé sou li. Tout jan, pa janm planté gro boua trò pré kay la.

KI JAN POU NOU BATI
KAY AN PLANCH
BYIN SOLID



1

Lè ou fiñ trasé kay la, ou fouyé fondasion you ki gin karant (40) santimèt lajè. Si tè-a fèm, fondasion fèt pou gin sinkant (50) santimèt fondè pou ou ka mété you ranjé blòk anba travès solay la. Min si tè-a pa trò fèm, fondasion an fèt pou désann rivé souasanndis (70) santimèt fondè pou ou ka mété dé ranjé blòk. Ou pa fèt pou bati kay ou sou tè ki trò mou.

2

Paré zéping ak bout fè ou pral bézouin pou solay la. Zéping yo va gin kinz (15) santimèt longè. Bout fè yo pral kanpé nan béton fondasion an, yo pral travèsé ranjé blòk yo. Yo fèt pou yo gin dis (10) santimèt piro pase blòk yo.



3

Pran dé ba fè pou fè amati fondasion an. Maré yo ak zéping yo. Sé pou ou rè sètin pouint zéping yo pasé pa anba. Fè you ti koub nan pouint anba chak bout fè yo. Mété yo kanpé nan mitan dé fè yo. Kité katrévin (80) santimèt nan mitan chak dé bout fè. Koulé you béton trant/karant santimèt épésè nan tout fondasion an.



4

Lèfini, mété youn osinon dè ranjé blòk byin nivo. Bout fè kanpé yo ap pasé nan chak dé blòk. Oua plin trou blòk koté bout fè-a pasé-a ak béton tou.

5 Mètè gro travès solay la sou blòk yo. Maré travès yo ak tèt bout tè yo. Mouté poto kay la sou travès solay la.



6 Méte dé poto gèt pou bay poto kouin yo pie. Lèfini, pasé travès yo sou tèt poto yo.



7 Fè piès chapant touati-a atè. Mouté chévron yo, zègoui yo ak manm yo sou sabliyé yo. Métè yo chita sou travès yo. Pou jouin yo ka kinbé pi byin, lè ou fi-n klouré yo, oua doublé yo ak moso fè plat, tankou ou ouè-l nan ti pòtrè sou bò gòch la. Si ouap fè you kay ak touati an koup, mouté sabliyé ki nan mitan yo anvan.



8 Klouré lat yo sou chévron yo pou kinbé chapant touati-a kanpé.



9 Mèté chèvron ki pou fè kouin yo ak dè lòt fasad yo. Pa bliyé kité you dépas man karannsis (46) santimèt osinon dizouit (18) pous, pou sèvi lamié.



10 Klouré lat yo byin klouré pou yo ka kinbé fèm.



11 Kouvri panno yo akp plancn palmis osinon ak lòt kalité planch. Kité éspas pou pòt yo ak pou finnèt yo. Klouré planch yo byin klouré. Apré sa, mété fèy tòl ou. Mouté pòt ak finnèt yo... Kay ou paré.

KI JAN POU NOU BATI
YOU TI KAY AK PANNO BÉTON
BYIN SOLID



1 Fouyé you fondasion ki gin trant (30) santimèt lajè. Si tè-a fèm, fondasion solay la fèt pou gin karant (40) santimèt fondè. Si tè-a pa fèm, oua ba li souasant (60) santimèt fondè.



2 Nan fondasion an, fouyé you trou chak koté ou konnin ou pral mouté you poto. Trou sa yo va karé karé, ya désann vin(20) santimèt pi ba pasé fondasion an.



3 Kanpé poto boua yo nan mitan trou yo. Mèté tout tèt poto yo nivo. Mèté friz pou kinbé poto yo aplon.



4 Nan fon kannal fondasion an, pasé dé fè toua/ouitièm (3/8), youn chak bò poto yo. Maré fè yo ak "zéping" fèt ak fè ka (1/4). Zéping yo va gin onz (11) osinon douz (12) santimèt longè. Ouą mèté you zéping sou chak sinkant (50) santimèt.



5 Paré mòtié béton ou. Bat li byin bat. Vidé-l nan fondasion an pou-l ba ou you solay ki gin trant (30) santimèt épésè anba tè.



6 Lè béton an fi-n chèch, oua pasé filfè nan mitan poto yo, dé pa dé, jan ou ouè-l nan pòtré-a. Klouré filfè-a byin klouré sou poto yo. Pa bliyé kité éspas pou pòt yo ak pou finnèt yo.



7 Mouté kofraj panno yo sou poto yo ak fèy playroud. Anvan sa, pa bliyé pèsé trou nan playroud yo pou vis ki pou kinbé kofraj la.



8 Min ki jan pou ou pasé vis yo. Oua sèvi ak vis toua/ouitièm (3/8). Vis yo va gin sis (6) osinon ouit (8) pous longè. Pa bliyé mété rondèl ni anba tèt vis yo ni anba boulon yo, pou playroud la pa chiré.



9 Lè ou fi-n mouté tout kofraj panno yo, vidé béton ladan yo jouk yo plin. Pa bliyé tchaké béton an ak you bout fè tanzantan. Ou gin doua tapé sou kofraj la tou ak you rôch osinon you mato. Konsa, lè pap rété fè trou nan béton an.



10 Lè ou fi-n koulé béton an rivé nivo tèt poto yo, anvan li chèch, oua meté ti bout fè kanpé ladan-l fè ronn kay la. Sé yo ki pral kinbé travès yo.



11 Oua mété anpil ti bout fè kanpé sou tèt panno yo. Y-ap pasé nan mitan travès yo. Sé pou yo long asé pou yo ka binn sou travès yo. Oua fè antay mouatié mouatié nan pouint poto travès yo. Oua kouazé yo sou tèt poto kouin yo Lèfini, klouré yo byin klouré sou tèt poto yo.



12 Oua mouté sabliyé touati yo. Klouré yo sou travès yo. Pou ba yo plis fòs oua maré yo ak moso fè plat, jan ou ouè yo fè sa nan pòtré-a.



13 Si ouap mouté you touati an koup, mouté sabliyé mitan yo ak tout chévron yo ak zégouin yo anvan.



14 Pasé lat yo pou kinbé chapant touati-a kanpé.



15 Apré sa, pasé chévron kouin yo ak chévron dé lòt fasad sou koté yo. Atansion pou lamié ouap kité-a pa dépasé dizouit (18) pous osinon karannsis (46) santimèt.



16 Klouré lat yo sou chévron yo.



17 Kouvri kay la ak fèy tôl. Oua sèyi ak douz (12) klou pou chak fèy tôl pou pi piti.

KI JAN POU NOU BATI

YOU TI KAY AN BLÒK BYIN SOLID



1 Fouyé you fondasion ki gin karant (40) santimèt lajè Si te-a fèm, sé pou fondasion solay la gin sinkant (50) santimèt fondè pou li ka pran you ranjé blòk anba sinti solay la. Min,si tè-a pa trò fèm, fondasion an fèt pou gin souasanndis (70) santimèt fondè pou li ka pran dè (2) ranjé blòk. Ou pa fèt pou bati sou tè ki trò mou.



2 Nan chak kouin, fouyé you trou karé karé, souasanndis (70) santimèt sou souasanndis santimèt, ak souasannkinz (75) santimèt fondè pou mété sinmèl poto kouin yo.

3 Maré amati poto yo ak fè sinmèl yo. Fou fè sinmèl yo, pran dis (10) moso fè toua/ouitièm. Chak moso va gin souasant (60) santimèt longè. Pou poto yo, pran kat ba fè toua/ouitièm (3/8). Maré yo ak zétriyé tè ka (1/4). Kité vin (20) santimèt ant chak zétriyé sou amati poto yo.



4 Maré fè poto yo ak amati sinmèl yo. Mété yo kanpé nan trou kouin yo. Pa kité sinmèl yo chita nan fon trou yo. Mété kat (4) rôch ki gin sink santimèt rotè konsa, chak bò. Aprè sa, plin trou-a ak béton mélanjé ak rôch, rivé vinnsink (25) santimèt rotè.



5

Nan fon kannal fondasion an, mété you amati dé (2) fè toua/ouitièm, maré ak zèping fèt ak fè ka (1/4). Pozé yo sou ròch pou yo pa chita atè. Maré pouint tè sinti yo ak fè poto kouin yo. Plin fondasion an ak bèton mélanjé ak kèk ròch, rivé kinz (15) santimèt rotè.



6

Mété you ranjé blòk sou béton an tou fré. Oua meté dé ranje si fondasion an gin souasanndis (70) santimèt fondè. Nan pié poto kouin yo, mété blòk chak bò amati-a, jan ou ouè-l nan pòtré-a, pou kité plas pou koulé béton pié poto yo.



7 Koulyé-a ou pral koulé you sinti béton sou ranjé blòk yo. Pran kat (4) ba fè toua/ouitièm. Maré yo ak zétriyé jan ou té fè-l pou poto yo. Maré amati sinti-a byin maré nan fè poto yo. Nivo sinti-a fèt pou kat (4) santimèt pi ba pasé nivo atè kay la



8 Ou fè you kofray pou sinti-a ak pou pòsion anba poto yo, rivé minm rotè ak sinti-a. Ou plin kofray la béton. Tchaké béton an ak you bout fè pou li ka byin chita nan kofray la.



9

Sé pou ou mété you poto nan chak kouin kay la ak sou dé bò ankadréman pòt yo ak finnèt yo. Maré bout anba fè poto ankadréman yo nan sinti-a. Poto sa yo va gin dis (10) santimèt épésè. Nan panno ki pa gin pòt osinon finnèt, mété you poto sou chak dé (2) mèt édmi (1/2).



10

Mouté blòk pou fè panno yo. Konmansé nan kouin yo. Pa bliyé mouyé blòk yo anvan ou mété yo. Mouté blòk yo rivé rotè you (1) mèt apré sinti solay la.



11 Lè ou rivé sou you mèt rotè, pasé sinti mitan an. Oua sèvi ak dè ba fè toua ouitièm (3/8) ak zèping pou fè amati-a. Sinti-a va gin kinz (15) santimèt épésè. Maré fè sinti-a nan fè poto yo. Pa bliyé kité éspas pòt yo.



12 Mété kofray pou sinti-a ak pou pati anba poto yo. Plin yo béton. Sèvi ak you bout fè pou tchaké béton an, pou lè pa rété ladan-l.



13 Mouté rès ranjé blòk yo sou sinti-a. Kité plas pou finnèt yo. Toujou chonjé sinti-a ak blòk yo anvan ou pozé blòk yo.



14 Lè ou-rivé sou you mèt rotè ankò, ou pasé fè pou sinti anro-a. Amati sinti-a fèt ak kat (4) fè toua/ouitièm (3/8) maré ak zétriyé fè ka (1/4). Maré amati sinti-a ak fè poto yo. Fè ronn kay la nèt ak sinti-a.



15

Mété kofray pou sinti-a ak pati anro poto yo. Plin yo béton. Sèvi ak you bout fè pou tchaké béton an pou lè pa rété ladan-l.
Nan sinti-a, kité you bout fè dépase sou tèt chak poto. Mété kèk bout fè kanpé nan sinti-a anro miray la. Ya sèvi pou kinbé travès yo. Oua mété gro vis long bò chak kouin pou kinbé gèt kouin yo.



16

Ou fè trou nan travès yo pou pasé tèt bout fé yo. Lèfini, ou binn tèt fè yo sou travès la pou kinbé-l. Ti travès kouin yo (gèt yo) va visé sou sinti-a, jan ou ouè-l nan pòtré-a.



17 Pou kinbé touati-a, oua sèvi ak manm kouazé an fòm "X" pou ranfòsé-l anba fétay la. Si gin galéri, oua ranfòsé chapant touati galéri-a ak dé móso travès an bié.



18 Pou bay kay la plis garanti, sé pou chapant touati-a ak pignon yo fèt ak boua léjè. Kouvri kay la ak rèy tòl. Lètini, bouché pignon yo ak planch byin klouré.

KI JAN POU NOU GIN PLIS LADRÈS NAN BATI KAY

POU KONMANSÉ ANNOU OUÈ KOUMAN YO TRASÉ YOU KAY



Avèk ouit (8) pikèt ak you bon plòt fisèl ou trasé kay la.
Sèvi ak métòd 3-4-5 pou ou ka sètin kouin kay la ap soti ékè.



Apré sa, mēté you fisèl pou maké panno mitan ki pou séparé piès kay yo.

(1)



Ou mouté you krôsba sou chak pikèt.

(2)



Sèvi ak you filaplon pou fè you mak sou krôsba-a ki pou korésponn ak tèt klou pikèt la.

(3)

Klourè you klou sou mak la.

(4)

Ou pati sou klou sa-a pou makè lajè fondasion an sou krôsba-a.

Rale fisèl sou tèt klou ki makè lajè fondasion an.



Pou ou sètin fisèl fondasion an byin ékè, ou sèvi ak métòd 3-4-5- pou kontrolé tout kouin yo.



Avèk you pikoua, ou souiv fisèl la pou makè atè-a lajè pou ou fouyé fondasion an.

ANNOU OUE KOULYE-A
KI JAN POU OU SEVI AK NIVO
ANSANM AK FILAPLON

NIVO

Si ti boul lè ki nan nivo-a pa chita douat nan mitan dé ti mak yo, ou konnin sa ouap kontrolé-a pa nivo.

Konsa li pa nivo.



Konsa li nivo.



FILAPLON

Sé you zouti ki pinmèt ou konnin si you panno, you mi osinon you poto kanpé douat.

Pannò sa-a pa aplon,
li ka tonbé fasil.



Panno sa-a aplon,
li byin mouté.
Li pa fasil tonbé.



KI JAN POU NOU MOUTÉ
YOU MI BLOK KI DOUAT ÉPI KI NIVO

Ki jan pou nou mouté you mi blòk ki douat épi ki nivo.

(1)



Tiré you fisèl sot nan you kouin al nan you lòt kouin pou ba ou you lign douat lè ouap pozé blòk yo. Konsa blòk yo pap miro miba, ni yo pap antré soti.

(2)



Mété mòtié-a jan ou ouè yo fè-l nan pòtré-a.



Mètè you ti mòtié sou bò ki pral bay sou blòk ki déja pozé-a

(4)



Pozé blòk la ra fisèl la. Kité dé(2) santimèt nan mitan chak blòk yo.

(5)



Sèvi ak filaplon an pou mété blòk la aplon ak rès mi an.

(6)



Sèvi ak nivo-a pou blòk la ka chita nivo ak blòk ki sou koté-l la.

KOUMAN OU KOUVRI YOU KAY AK FÈY TOL

Kouman ou kouvri you kay ak fèy tôl

(1)



Lè ou fi-n mété chévron yo, klouré lat yo byin klouré sou chévron yo.

(2)



Apré sa, mété prémié ranjé tôl yo pa anba, bò lamié-a.

(3)

Rébò tôl yo mouté youn
sou lòt distans dè kannal.



(4)



Apré sa, pran dé moso planch mété sou tòl ou fi-n pozé yo pou ou pa maché souuyo, pou ou pa krazé kannal yo.

(5)



Lè ouap méte dézièm ranjé tòl la, bout amba fỳ tòl dezièm ranjé-a ap vi-n chita sink (5) santimèt pou pi piti sou bout anro fèy tòl.

(6)



RALONJ

RALONJ

Lè ou bézouin lonjé you poto karé, min pi bon jan pou ou fè-l.

1. Antay kadna . Sé li ki pi bon pou fè ralonj.





2. Antay talon doub

3. Antay an bié doub.



4. Antay karé.



FO RALONJ



Fòm antay sa-a pa fi-n trò solid.



Pa janm fè ralonj konsa.

Pou klouré ralonj yo



Klou yo pa fèt pou dépasé boua yo nét, pou boua yo pa fann.
Lè ouap klouré klou-a, toujou mété-l you jan kouché.

Pou bay ralonj yo plis fòs









Méte janbiè sou dé bò ralonj yo. Sa ap ba yo plis fòs

Si ouap lonjé you poto ron

1. On fè antay yo. Lèfini, ou klouré yo.



2. Ou fè you antay plat sou dé bò ralonj lan pou janbiè yo.



3. Klouré janbiè yo.



Si ou gin pou lonjé you travès ki pasé anba teuati-a fè you ralonj "kadna".



Pa kité ralonj la tonbé sou tèt you pòt osinon you finnèt.



Ou fè minm kalité antay sa yo pou maré travès ki pasé sou panno séparasion kay la ak travès panno fasad yo.





Lè ouap kouazé dé travès nan you kouin, ou fè antay doub anro ak anba





Koté pou ou mété you ralonj pou sabliyé touati-a.

Bon



Pa bon



Pou ranfòsé chapant touati-a, klouré moso planch sou jouèn chévron yo ak sabliyé-a, ak sou jouin tèt zégoui-a ak chévron yo.